ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№87-88 (21.746) ● 2010 гъэм накъыгъэм (майм) и 14, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэ и Унафэ

2010 гъэм накъыгъэм и 13-м *№181-рп*

2010 гъэм накъыгъэм и 1-м Налшык къалэм щалэжьа террорист Іуэхугъэм хэлъуэдахэмрэ (ІпІахэмрэ) абы фэбжь хэзыхахэмрэ я унафэхэм ящыІэныкъуэм хуэунэтІауэ Унафэ №652-Р-м ипкъ иткІэ:

1. Урысей Федерацэм и Правительствэм 2010 гъэм накъыгъэм и 2-м къыдигъэкІа Унафэ №652-Р-м гъэзэщІэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр кьыІэзыгъэпэщыну Комиссэм хэтхэу мы Унафэм щыІагъэхэр гъэувын.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узыншагъэр ухэмыныкІэ и министерствэм:

кьищІэтэн хуейщ террорист Іуэхугъэм и зэрачыкІуэхэм я узыншагъэм игъэтахэр (фэбжь мыхьэпсэ, ику ит, хьэпэ) зыхуэдизыр икІи Комиссэм иритын хуейщ абыхэм я спискэр;

Комиссэр хэпІэн папщІэ, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм щыІагъэ игъэхьэзырын хуейщ террорист Іуэхугъэм хэкІуэдахэмрэ (ІпІахэмрэ) абы фэбжь хэзыхахэмрэ я спискэр.

3. Террорист Іуэхугъэм хэкІуэдахэмрэ (ІпІахэмрэ) абы фэбжь хэзыхахэмрэ я спискэр Іэщ Іидзын щхьэкІэ Комиссэм хуиГъэхьын хуейщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Мерколов А. В., Урысей Федерацэм Узыншагъэр ухэмныкІэ и министерствэм социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыхэпІэуэ, Урысей Федерацэм Щыхуэр зэхьумэныкІэ, кьэхьукъащІэ кьызэрымыкІуэхэмрэ абыхэм кьашэ насыпыншагъэхэмрэ я Іуэжьхэр гъэхуэдызыныкІэ и министерствэм Іэрагъэхьэн папщІэ.

Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЗэфІагъэкІахэр зэхалъхьэж

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий республикэм и Правительствэм и зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, 2006 гъэм къыщыщІэдзауэ нобэм къэсыху Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым и протокол пщэрилъу я Іуэхущапіэм къыІэрыхьа 171-м щыщу 155-р ягъэзэщІащ. Мыльку хухахьи папщІэ республикэм и инвестицэ программэм хагъэхьэнурэ, адрей 16-р 2010 - 2011 гъэхэм кьриубыдзу зэфІагъэкІынущ.

ПЩЭРЫЛЪХЭР нэхъыщхьэу зыхуэзгъэзауэ щытар узыншагъэр Іэуэмэн, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, гъэзгу хозяйствэм я Іэнатіэхэр ухуэнымрэ кьызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр зыхуэ программэхэр гъэхьэзырынырщ.

Пщэрылъхэм ялкъ иткІэ, Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм дэта Щэнхабзэмкі унэ ныкъуэщІэр тІысыпІэ 264-рэ зиІэ курыт ерджапІэм хуагъэкІуэри, нэгъабэ и щыщхьэу мазэм кьызэІуахащ. Кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащьхэхэм ящыІагъуу инвестицэ проекту 40 ягъэхьэзырри, КЪБР-м и Президентым деж Инвестицэхэмкі щыІэ советым щыхьэпІащ. Ахэр ягъэзащІэ.

Бахьсэн кьалэм дэта Іуэхутхьэбзащ Іапіэ унэр сабий поликлиникэу зэрагъэпэщыжащ, Май куейм хыхьэ Котляревскэ станицэм и курыт ерджапІэм ейуэ класси 6 ремонт ящІащ. КЪБР-м и кІалэ, район администрацэхэм я гъусэу «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэм социальнэ, инженер инфраструктурэхэм зэрызыщагъжьынур» программэ хэхам и проект ягъэхьэзыращ. Абы хохьэ муниципальнэ гъуэгу хэр ухуэныр, зэгъэпэщыжыныр, инженер инфраструктурэхэм зегъэужьыныр. Апхуэдэу жылагъуэхэм я уэрамхэр ирагъэнэхун щхьэкІэ, республикэ бюджетым мы гъэм сом мелуан 20 щагъэбелджылаш. Сабий зеиныгъэр, адэанэхэм я кІэлъыплъыныгъэм щІэмытыжу кьэнахэр псэуплэкІэ кьызэрагъэпэщын папщІэ, министерствэм программэ гъэдэхэ кьызэрагъэпэщын папщІэ, министерствэм программэ гъэдэхэ ящыІэныгъэ ІэнатІэ ІэшэлІашэм Іуэхугъэ кудым тещІыхьа «Азаубгы-лыжэ комплекс щыІуэхуэн» щыІналъэ инвестицэ проектыр гъэзэщІэным УФ-м Инвестицэхэмкі и фондым бюджетым щыщ мылъку кьэкІрагъэпхъэн мурадкІэ, Урысей Федерацэм ЩІыналъэ зыужьыныгъэхэмкІэ и министерствэм зыхуей заявкэр хуагъэхьащ.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм накъыгъэм и 13-м кьыдигъэкІа Унафэ №181-рп-мкІэ къащтащ

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2010 гъэм накъыгъэм и 2-м кьыдигъэкІа Унафэ №652-Р-р гъэзэщІэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр кьызэзыгъэпэщыну Комиссэм хэтхэр

Тхьэзэпльыж М. ТІ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп-ныкъуэ *(Комиссэм и унафэщІ)*

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узыншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэ *(Комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ)*

Тау Б. Хьу. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкІэ и министерствэм и къуэдзэр

Томчак Ю. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал Іуэхуэ Іуэхугъэмкі щыІэ министерствэ *(зэгурыІуэгъэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэ

Уегэ В. Хь. - Урысей Федерацэм и прокуратурэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъэ)*

Хьэгъэс З. А. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащьхэр

Шагин С. И. - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжыныгъэмкІэ, кьэхъукъащІэ кьызэрымыкІуэхэмрэ абыхэм кьашэ насыпыншагъэхэмрэ я Іуэжьхэр зІуэдзыжыныкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъэ)*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МЕРКУЛОВ Александр.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Іуэхугъуэфіу мэув

«Къэрал сыхьэт» хьыбарегъащІэ-уэзщыныгъэ проектым хахьэу, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ Бэрэчэ Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым дизайнымкІэ и колледжым щеджэжи яІущащ.

ЗЫТЕУХУАУЭщытар щІалэгъуалэ политикэрщ. Нэхьыбэу зытепсэлъыхьар щІалэгъуалэ Іуэхуэхэр зэгъэщІылІа власть органхэм, апхуэдэу щІалэгъуалэ политикэр зыубзыху икІи пхъыгъэкІ жылагъуэ организацэхэм, кьапщтэмэ, республикэм и Парламентым дежи щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм я лэжьыгъэр зыхуэдэрщ. ЩІалэгъуалэр ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ иджыпстукІэ Іуэхур зыбутыр яхуиІуатэри, Парламентым и Унафэщым и кІуэдзэр кьытеувІащ ящэу лэжьапІэ кьэзылъыхьэ ну хуеиІэхэм кьащыщІадзэм хуеиІэуэ абыкІэ щыІэ хабзэхэр нэхъыфІу кьэбгъэсэбэп зэрыхьэну щыкІэмрэ.

Хьэрычэтыщ Іэнатіэ щыкІуэр Іэмальфіу зэрыщытыр кьигъэльагъэри, абы псалъэ иритащ КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм хьэрычэтыщІэ Іуэхур хьыбархэмкІэ, чэнджэщхэмкІэ, методологиэ Іэмалхэмкі ящыІэныгъэ и кІуэдзэ и уэрэфащІ Ефэнды Ритэ. Ар зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым хьэрычэт щІэным щытегушхуэ щІалэгъуалэр къэралым зэрыдгьІыпІэ щыкІэм. 2006 гъэ лъандэрэ ильэс кьэс «Бизнес гъэпсыкІэ нэхъыфІ» зэпеуэр жьыбгъэу ирагъэкІуэкІ икІи абы щытекІуэкІэм президент гранту сом мин 300-м нэс ират. Іуэхуфі кьыдэзыхьу лэжьэну хуеІэм республикэр дэлэпкъынуф.

НужькІэ «УпщІэ-жэуап» щыІэм тету зэІущІэм пащащ. ЕджакІуэхэр Іуэхугъэ кудым щІэупщІащ. Кьапщтэмэ, ипотекэ кредитым щхьэщытыкІыпхъэхэм ику иту республикэм щат улахуэр пэмыхьумэ псэупІэ кьызэращэхуну щыкІэм. Саенкэ Татьянэ абы гугъуехьэр зэрыхэльым арэзы техьауад икІи а Іуэхум зэуІуу бгъэдыхьэн зэрыхуейр кьыхигъэщащ. ЩІалэгъуалэр зыгъэпейтейхэм ящыщщ лэжьакІуэр кьышащтэкІэ Іэнатіэ зытхэр хабзэм зэрытетыпхъэм. ЕджапІэр кьэзыух дэтхэнэ зыри Іэмал имыІэу ёпогупсыс опыт гуэри имыІэу лэжьапІэ кьызэрригъуэтыну щыкІэм. НыбжьыщІэхэм чэнджэщ ираташ щыхуэхэр Іэнатіэкі кьызэзыгъэпэщын а упщІэмкІэ зыхуагъэзэжу. Абы лэжьыгъэ щІыхэхэм щыхагъэдэнущ, хуейкэр пщІэнщэу ирагъэжэнущ, нэгъуэщІ Іэщагъэм хуагъэсэнущ. Стажировкэм хуэзэр центрым яхуитынущ.

Саенкэ Татьянэ дизайнымкІэ колледжым и унафэщІ Кожуховская Светланэ фІыщІэ хунущІащ еджакІуэхэм яхуищІ гульытэм папщІэ. Абы ныбжьыщІэхэр кьигъэгугъащ щІэх-щІэхыуэр яхуэзэну. КьыкІэлъыкІуэ зэІущІэр лъэпкъ политикэм траухэуну я мурадщ.

ЩІалэгъуалэм йопсалъэ

КЪБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыхубэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я Іуэхуэхэмкі и комитетым и унафэщІ Хьэшъхьэжь Татьянэ Налшык къалэм и ещанэ курыт школым и еджакІуэхэм зэрыщІэ. Ар хохьэ «Къэрал сыхьэт» хьыбарегъащІэ-уэзщыныгъэ проектым.

КЪЭРАЛЫМРЭ республикэмрэ я уэхуэкІэм, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и тхыдэм, абы и нобэрей зэхэлъыклэм ныбжьыщІэхэр хигъэгъэзэ нэужь, Хьэшъхьэжь Татьянэ кьыхилъхьэри, кьыдэрыгуэкІ псалъэмакъым тету зэІущІэм пащащ. ЕджакІуэхэм жэуап ираташ властым и кьудамэхэм я гъэшыкІэм, хэхыныгъэм ехьэлІа хабзэхэм, щІалэгъуалэр политикэм теухуа упщІэхэм. Апхуэдэу ТекІуэныгъэ Иныр щагъэльэпІэнум и пэ кьихуэу, абыхэм зэпкърахащ хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ лъэпкъ гупсысэхэмрэ я мыхьэнэр зищІысыр.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и лКыІкІуэхэр. Палатэм и унафэщІ Шыпш Асльэн школакІуэхэр кьыхуриджащ нэхъ жьыдэкъу зыкъэлъэгъуэну, мурадышхуэхэм тегушхуэну. Палатэм и ІуэхущІапэм тепсэльыхьри, абы кьыхигъащІ щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр жэрдэм зыхэль, зэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэхэм зэрыхуэныкъуэр. «Фэ фщыщ дэтхэнэ зыри фыкьыстхьыхьэфынуц», - кьигъэльэгъуащ Шыпшым.

Урысейм и �щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр республикэ организацэм и унафэщым и кІуэдзэ, ЩІалэгъуалэ палатэм хэт ЖьакІэмыхьу Жанн з зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм, абы ди щыналъэм щигъэзащІэ программэхэм тепсэльыхьащ. НыбжьыщІэхэр щІэупщІащ а организацэм зэрыхагъэхьэ щыкІэмрэ абы кьахуэзэуІуихьну Іэмалыр зыхуэдэмрэ.

Хьэщхьуэжь Татьянэ егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ ТекІуэныгъэ Иным и махуэмкІэ ехьэухьащ, курыт школыр кьэзыхуэхьэм къэрал экзаменхэм екъулІэныгъэ щІэну зэрригуапэр кьыхигъэщащ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ,

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Къэрал сыхьэт

Іуэхугъэ кудым щІэупщІащ

Къэрал сыхьэт» хьыбарегъащІэ-уэзщыныгъэ проектым хахьэу, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ Бэрэчэ Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым дизайнымкІэ и колледжым щеджэжи яІущащ.

ЗЫТЕУХУАУЭщытар щІалэгъуалэ политикэрщ. Нэхьыбэу зытепсэльыхьар щІалэгъуалэ Іуэхуэхэр зэгъэщІылІа власть органхэм, апхуэдэу щІалэгъуалэ политикэр зыубзыху икІи пхъыгъэкІ жылагъуэ организацэхэм, кьапщтэмэ, республикэм и Парламентым дежи щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм я лэжьыгъэр зыхуэдэрщ. ЩІалэгъуалэр ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ иджыпстукІэ Іуэхур зыбутыр яхуиІуатэри, Парламентым и Унафэщым и кІуэдзэр кьытеувІащ ящэу лэжьапІэ кьэзылъыхьэ ну хуеиІэхэм кьащыщІадзэм хуеиІэуэ абыкІэ щыІэ хабзэхэр нэхъыфІу кьэбгъэсэбэп зэрыхьэну щыкІэмрэ.

Хьэрычэтыщ Іэнатіэ щыкІуэр Іэмальфіу зэрыщытыр кьигъэльагъэри, абы псалъэ иритащ КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм хьэрычэтыщІэ Іуэхур хьыбархэмкІэ, чэнджэщхэмкІэ, методологиэ Іэмалхэмкі ящыІэныгъэ и кІуэдзэ и уэрэфащІ Ефэнды Ритэ. Ар зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым хьэрычэт щІэным щытегушхуэ щІалэгъуалэр къэралым зэрыдгьІыпІэ щыкІэм. 2006 гъэ лъандэрэ ильэс кьэс «Бизнес гъэпсыкІэ нэхъыфІ» зэпеуэр жьыбгъэу ирагъэкІуэкІ икІи абы щытекІуэкІэм президент гранту сом мин 300-м нэс ират. Іуэхуфі кьыдэзыхьу лэжьэну хуеІэм республикэр дэлэпкъынуф.

НужькІэ «УпщІэ-жэуап» щыІэм тету зэІущІэм пащащ. ЕджакІуэхэр Іуэхугъэ кудым щІэупщІащ. Кьапщтэмэ, ипотекэ кредитым щхьэщытыкІыпхъэхэм ику иту республикэм щат улахуэр пэмыхьумэ псэупІэ кьызэращэхуну щыкІэм. Саенкэ Татьянэ абы гугъуехьэр зэрыхэльым арэзы техьауад икІи а Іуэхум зэуІуу бгъэдыхьэн зэрыхуейр кьыхигъэщащ. ЩІалэгъуалэр зыгъэпейтейхэм ящыщщ лэжьакІуэр кьышащтэкІэ Іэнатіэ зытхэр хабзэм зэрытетыпхъэм. ЕджапІэр кьэзыух дэтхэнэ зыри Іэмал имыІэу ёпогупсыс опыт гуэри имыІэу лэжьапІэ кьызэрригъуэтыну щыкІэм. НыбжьыщІэхэр щІэупщІащ щІэх-щІэхыуэр яхуэзэну. Стажировкэм хуэзэр центрым яхуитынущ.

Саенкэ Татьянэ дизайнымкІэ колледжым и унафэщІ Кожуховская Светланэ фІыщІэ хунущІащ еджакІуэхэм яхуищІ гульытэм папщІэ. Абы ныбжьыщІэхэр кьигъэгугъащ щІэх-щІэхыуэр яхуэзэну. КьыкІэлъыкІуэ зэІущІэр лъэпкъ политикэм траухэуну я мурадщ.

Щ1алэгъуалэм йопсалъэ

КЪБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыхубэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я Іуэхуэхэмкі и комитетым и унафэщІ Хьэшъхьэжь Татьянэ Налшык къалэм и ещанэ курыт школым и еджакІуэхэм зэрыщІэ. Ар хохьэ «Къэрал сыхьэт» хьыбарегъащІэ-уэзщыныгъэ проектым.

КЪЭРАЛЫМРЭ республикэмрэ я уэхуэкІэм, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и тхыдэм, абы и нобэрей зэхэлъыклэм ныбжьыщІэхэр хигъэгъэзэ нэужь, Хьэшъхьэжь Татьянэ кьыхилъхьэри, кьыдэрыгуэкІ псалъэмакъым тету зэІущІэм пащащ. ЕджакІуэхэм жэуап ираташ властым и кьудамэхэм я гъэшыкІэм, хэхыныгъэм ехьэлІа хабзэхэм, щІалэгъуалэр политикэм теухуа упщІэхэм. Апхуэдэу ТекІуэныгъэ Иныр щагъэльэпІэнум и пэ кьихуэу, абыхэм зэпкърахащ хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ лъэпкъ гупсысэхэмрэ я мыхьэнэр зищІысыр.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и лКыІкІуэхэр. Палатэм и унафэщІ Шыпш Асльэн школакІуэхэр кьыхуриджащ нэхъ жьыдэкъу зыкъэлъэгъуэну, мурадышхуэхэм тегушхуэну. Палатэм и Іуэхущапіэм тепсэльыхьри, абы кьыхигъащІ щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр жэрдэм зыхэль, зэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэхэм зэрыхуэныкъуэр. «Фэ фщыщ дэтхэнэ зыри фыкьыстхьыхьэфынуц», - кьигъэльэгъуащ Шыпшым.

Урысейм и �щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр республикэ организацэм и унафэщым и кІуэдзэ, ЩІалэгъуалэ палатэм хэт ЖьакІэмыхьу Жанн з зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм, абы ди щыналъэм щигъэзащІэ программэхэм тепсэльыхьащ. НыбжьыщІэхэр щІэупщІащ а организацэм зэрыхагъэхьэ щыкІэмрэ абы кьахуэзэуІуихьну Іэмалыр зыхуэдэмрэ.

Хьэщхьуэжь Татьянэ егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ ТекІуэныгъэ Иным и махуэмкІэ ехьэухьащ, курыт школыр кьэзыхуэхьэм къэрал экзаменхэм екъулІэныгъэ щІэну зэрригуапэр кьыхигъэщащ.

● Хьэбар гуапэ

Мэз Каринэ и медалитхц

СКИ-альпинизмэмкІэ (бгым лыжэкІэ дэкІын, абы хуэхэа гъэзэгумкІэ дэпщеин, адэкІэ лыжэкІэ кьехьыжьи) Домбай щекІуэкІэ урысей чемпионатыр ящыкІ. Къэбэрдей-Балькъэрым икІІуэ абы хэтащ Мэз Каринэ икІи 1 дыщэ медаль, дыжьыну 3 кІэхьащ. Къищынэмыщ1ауэ, Текіуэныгъэм и махуэр щагъэлъапІэ накъыгъэм и 9-м екІуэкІа Red Fox Elbrus Race фестивальм, Іуащхьэмахуэ зэпэ и Кубокыр. ТекІуэныгъэм и Кубокыр къэхьынымкІэ команд-нэ зэпеуэм щытекІуащ.

МЕДАЛИТХУ къэзыха Мэз Каринэ КъБКУ-м и экономикэ кьудамэр диплом плъыжькІэ кьиухащ.

Ильэси 10 хьуауэ альпинизмэм хэтщ, абы кьриубыдэу 100-м щІигъуэ Іуащхьэмахуэ дэкІуеиф. Тянь-Шань и лъагагъэхэм ящыщ метр 7010 зи лъагагъэ Хан-Тенгри дэкІэ щыІа Къэбэрдей-Балькъэрым и ныпыр а бгыщхьэм щигъэуващ.

И гъэсакІуэ, спортым и мастерхэм я кандидат Кагыпов Владимир щыІэу альпинистхэм я клуб Налшык къыщыІэзІуихыну Каринэ и мурадщ. Ар зытегъэщІар а спорт лІэужьыгъуэм республикэм зыщегъэужьжьынырщ, щІалэгъуалэр абы кьешэлІэнэкІэщ. Апхуэдэуи блым дэпщынымэ Мэзыр дехьэх, туризмэмкІэ инструкторхэм я школыр кьызэриухамкІэ диплом иІэщ, МЧС-м и курсхэри кьиухащ. Иджы Зверест дэкІыну и мурадщ.

● Пресс-конференцхэр

ЩІыналъэ псори зэпещІэ

«Связь-Экспоком-2010» 22-нэ дуненпсо гъэлъэгъуэныгъэм хихьэу, УФ-м Связьмрэ щыхьэ зыбгъэдыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ (коммуникацэхэмкІэ) и министр Щеголев Игорь накъыгъэм и 12-м Урысейм и журналистхэм видео пресс-конференц ядригъэкІуэкІащ.

ЩЫНАЛЪЭХЭМ щыпащІэ зэманым абы жэуап яратащ я министерствэм и Іуэхущапіэм теухуа упщІэхэм. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, телевиденэр бжыгъэ Іэмалхэм я гъэзэжьыныгъэ щыкІэм, къэралыр Іуэхутхьэбзэхэм я порталым и лэжьакІэм, къэралым интернетыр кьыщыщІагъэхьэ техникэмрэ я бжыгъэр зэрыхъуэм, ди къэралым кьыщыщІагъэхьэ телекоммуникацІэ Іэмэпсымэхэм я норматив тхыльхэр зэрагъэхьэзырым ехьэлІа-хэр, нэгъуэщІхэри.

ЩІыналъэхэм я журналистхэм я видеоконференцыр ди республикэм кьыщыІэзэгъэпэщар «ЮТК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэрщ.

ЗэІущІэм и пэ кьихуэу, «Ипщэ телекоммуникацІэ компание» акционер обществэ зэІухам и щІыналъэ кьудамэм и унафэщым и кьуэдзэхэу Шаваев Ануарэ Къэрэшэсэ Хьэбасрэ КЪБР-м Интернетым и Іэнатіэм зэрызыщыжьым теухуауэ журналистхэр зыщІэупщІащхэм жэуап ираташ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Май куей

Гъатхасэм йоужьэрэкІ

Май районым и мэкъумэщыщІэхэр гъатхасэм йоужьэрэкІ.

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлІэу хозяйствэ псоми зэхэту хасащ кІэрГІофыр гектар миниІ 3,5-м нэблагъэм, зэнтхьэр - 185-м. Гъатхэ губгъуэ зэхьыгъэхэр тэмэму и чэзум егъэжьІуэныкІэ кьыхэхъанныкІаэр «Александровская» агрофирмэр. Мыбы и лэжьакІуэхэр хунэсащ хьэпщІиймрэ сэхуранымрэ кьанэ щымыІэу хасэу, нартыху жылапхъэми и ужь ихьэну. «Ленинцы» мэкъумэщ Іуэхущапіэми мыбы зыкьыкІэрІгъэхурыкІыр: кІэрГІофым хухиха гектар 60-м щыщу зыхунэмысу кьэнар - 2 кьудэйщ, гектари 150-р силосыпхъэ нартыхурэ сэхурану ищІащ. «Красная нива» СХПК-м Іусыпхъэ удз щхьэунтІэр хэсэныр зэффІигъэкІащ.

Сэным кьыдэкІуэу, хозяйствэхэм бжыкьхьэсэ гъавэр япщІэ, щыгъэпщэрхэмкІи иоужьэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч куей

Къалэнхэм къахохъуэ

Цыхьэсэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІужьыгъуэхэр яхуэщІэныкъо Іджылахьэстией центрым и лэжьыгъэхэр иджырей мардхэм тету зэрыригъэкІуэкІыным нужь итщ.

ИДЖЫРИ къэс социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм хиубыдэу щытар жьы хъуэ, зи закъуэу псэу, ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэль цІыхухэм ёрыскьыхэкІхэмкІэ, щыгъныныгъуэхэмкІэ, хущхъэгъуэхэмкІэ защІэгъэкъэжьырщ, щІэхщІэхыурэ я кьабзагъэм кІэльыплъынырщ. Иужьрей кьэпщытэныгъэхэм сэтей кьыхэращІамкІэ, ар машІщ. ЗыхуэзфІэмыкІыжхэм ядэІэпыкъун хуейщ я унагъуэ Іуэхуэхэмкі. Апхуэдэ щытыкІэр кьидыгъэри, Тэрч районым и �цОН-м социальнэ-хьэкІуэхэм я бжыгъэм кьыхигъахъуэу ахэр цІыху щхьэхуэхэм яригъэбыдыпІэну триухуащ, ЗыхуэзфІэмыкІхэр нэхьыбэу зыщІэхьэІу Іуэхутхьэбзэхэм ятещІыхьыхьу. Апхуэдэ Іуэхуэхэм хуейкІэ хадэтельствэм и Іуэхущапіэхэр, абы Кьыргызыстан и политикэ, социальнэ щытыкІэр хуэзтеубыдэркъым. Псом хуэмыдэу къэралым и ипщэ лъэныкъуэр правительствэщІэм и бийщ, - жеІэ Бакиров Мамасадык.

Мыарэзыр гъуэтигъуейкъым

Кьыргызыстан пІалъхьэ щыгъэжьну хаха правительствэм и бийхэм ябыдащ Ош куейм и администрацэм и унэр. Ар яфІэмащІэу, екъащ къэралым и ищІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ кьалэщхьэхэр зыІущІалъхьэну. Абы и Іуэтащхьэ Бакиров Мамасадык зэрыжиІамкІэ, пэкІуэхэр кьыхэращІэнущ, кьалэм и кьалэхэм щыгъэбграхуа властыр зэффІагъэувэжыну я мурадщ.

Кьыргызыстан и президент Бакиев Кьурмэнбэч и кьулыкъым трахуу хэкур ибгына нэужь, Бакиров Мамасадык Ош куейм и администрацэм и Іэтащьхэ кьулыкъым трагъэкІащ. Иджы абы нубыджащ ящэм щылажьэу щыта пэныр, а кьулыкъым правительствэщІэм тригъэува Жаэнбеков Сооронбай куейр иригъэбгынэрі.

- Щыхухэм я фІэщ хьужьыкъым пІалъхьэІэ лажьэ правительствэм и Іуэхущапіэхэр, абы Кьыргызыстан и политикэ, социальнэ щытыкІэр хуэзтеубыдэркъым. Псом хуэмыдэу къэралым и ипщэ лъэныкъуэр правительствэщІэм и бийщ, - жеІэ Бакиров Мамасадык.

Къалэжьым и ящэ унэ

Италием и «Ла Республика» газетым зэрилъытэмкІэ, къат кІуэу зэтет ящэ унэ лъагэр Рим кьыдрихутэщ 2011 гъэм ирихьэлІэу.

Абы и проектыр ищІащ архитектор Пурини Франческэ. Унэр кьат 28-рэ хуэунущ, абы хэтынущ псэупІэ фэтэрхэри, лэжьапІэ, сату щІапІэ, изгъуэщІ Іуэхущапіэ пэшхэри.

- Ди унэм метри 120-рэ и лъагагъуэ щытынущ, итани ар нэхъ лъахъшэнущ Петр щихьым и члисэм нэхьэ, - жеІэ Пурини Франческэ.

АрщхьэкІэ унэщІэм Рим и теплъэр имыхъуэжу кьэнэнукъым. Ар адрей унэхэм кьахэпІиикІынущ, кьалэм и дамыгъщІэхъунри хэльщ. Ар щаухуэкІэ кьагъэсэбэпынущ экологие техникэм и Іэмалыщ Іэ нэхьыфІхэр, электрокъарур кьэсытынур дыгъэм игъэлажьэ батарейхэращ, пхэнжІий идыпІэр жьыхуКІэ лажьэу щытынущ, нэгъуэщІ гъэщІэгъэн кьэдкІи унэр кьызэрагъэпэщыну я гугъущ. Ухуэныгъэм ирахьэлІэну лэжьыгъэхэм я уасэр евро мелуани 100-м щІегъу.

Іэ тезыдзэхэм я махуипщІ

Федерал пощт зэпыщІэныгъэмкІэ КЪБР-м и кьудамэм республикэм щыпсэу псори Іуэхущапіэхэр ирегъэблагъэ 2010 гъэм и етІуанэ ильэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ традзэным теухуауэ накъыгъэм и 13-м кьыщыщІадзауэ 23-м нэсыху екІуэкІ урысейпсо Іуэхущапіэм.

Ал ъэхъэнэм кьриубыдэу фэ щІыналъэм кьыщыщІэкІ газет, журнал зыбжанэмэ Іэ тевдзэ хьунущ связым и Іуэхутхьэбзэхэр зи уасэхэм нэхъыр процентэ 10-кІэ нэхъ пэуу.

Накъыгъэм и 13-м кьыщыщІадзауэ 23-р кьэсыху пощт Іуэхущапіэхэм фыІухэ икІи уасэ пудхэмкІэ газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ.

«Урысейм и пощт» ФГУП-м КЪБР-м щиІэ кьудамэ.

● Гу зылъытапхъэ

Зи Іуэху нахуэм и нэгу хейщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

● Тхьэтыщ1э

Истамбыл и «Азиеин» тедзапІэм тырку бзэкІэ дуненм кьыщытехьащ Тумэ Рэхьми и «Адыгэ хабзэ» тхыльыр.

НАПЭКІУЭЦІ 304-рэ хъу лэжьыгъэшхуэм щІэныгъэлІым и гугъу щецІ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм кьыддэгъуэгурыКІуэ хабзэм, нэмысым, зэхэтыкІэм, Іуэху зехьэкІэм. Кьыщынэмыщ1ауэ, мы тхыльым Тумэр щытотсэлъыхь хасэ, зауэ, зекІуэ Іуэхугъуэхэм ди адэжь-хэм зэрызыхуагъэхьэзыру, ахэр зэрыригъэжІуэкІыу щытам. ЩІыпІэщхуэ еубыд адыгэхэр махуэ кьэс зэрыпсэуа кьызэрыгуэкІ хабзэмк.

Щяч хэмылъу, кьудым кьахуэщхьэпэну «Адыгэ хабзэ» тхыльыр зи кьалэмыпэм кьыщІэкІа Тумэ Рэхьми адыгэгу нэс зыкІуэцІыльъ, Тырку и адвокат нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыщ. 1941 гъэм Кьахьраман-Мараш вилайетым щыпсэу Гёксун кьалэм щыпсэу джылахъстэней унагъуэм кьыщалъхуащ. Истамбыл дэт университетым и хеящІэ факультетыр кьиухащ. Тырким щыІэ Кавказ хасэхэм я конфедерацэм и унафэщІ щыІэкІэ «Адыгэхэм я лъабжьэр», «Хэхэсхэм я гугъуехьэхэр», «Адыгэхэр Кавказым иЭпхъуКІыныр. Абхъазхэр республикэу пІэр?», «Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ дуней псом къызэрыщалъытэр», нэгъуэщІ тхыльхэ щхьэпэ куэдм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Мыекъуапэ

Тумэ Рэхьми хабзэм тотхьыхь



нужькІэ (2005-2007 гъгъ.) Истамбыл къалэм хиубыдэ Баларбащ щІыпІэм и хасэм и тхьэмадэу лэжьащ. Тумэм и къалэмыпэм кьыщІэкІащ «Адыгэхэм я лъабжьэр», «Хэхэсхэм я гугъуехьэр», «Адыгэхэр яІущащ.

Ар зытегъэщІар а спорт лІэужьыгъэм ирегъэблагъэ 2010 гъэм и етІуанэ иль

Жылагъуэхэм я уэрам гъэгуэхэр (федеральнэ, республикэ мыхьэнэ зиІэ) автомобиль гъэгуэхэр хэмытыр) эрагъэпэщыжьын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щыпІэ бюджетхэм 2010 гъэм зэрыхуохьыну Хабзэхэм я Іуэхуки Іэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 1-м ***№41-ПП***

«2010 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуки Іэ» 2009 гъэм дыгъэгъэзэм и 31-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №71-РЗ-м ипкъ иткІэ, жылагъуэхэм я уэрам гъэгуэхэр (федеральнэ, республикэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэгуэхэр хэмытыр) эрагъэпэщыжьын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Мы Унафэм щІыгъуэр къэщтэн:

Жылагъуэхэм я уэрам гъэгуэхэр (федеральнэ, республикэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэгуэхэр хэмытыр) эрагъэпэщыжьын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щыпІэ бюджетхэм 2010 гъэм зэрыхуохьыну Хабзэр;

жылагъуэхэм я уэрам гъэгуэхэр (федеральнэ, республикэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэгуэхэр хэмытыр) эрагъэпэщыжьын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щыпІэ бюджетхэм 2010 гъэм зэрытратуэшну щыкІэр;

жылагъуэхэм я уэрам гъэгуэхэр (федеральнэ, республикэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэгуэхэр хэмытыр) эрагъэпэщыжьын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиер Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щыпІэ администрацэхэм кьагъэсэбэпын хуейуэ хухахынур зыхуэдэизыр.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Транспортымкі Э, связымрэ гъэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм (Сунш А. А.) жылагъуэхэм я уэрам гъэгуэхэр (федеральнэ, республикэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэгуэхэр хэмытыр) эрагъэпэщыжьын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 20 пщІондэ муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щыпІэ администрацэхэр ярищІыхьІэн.

3. Мы Унафэр эрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэ Уэнаев К.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм щыщ къулыкъущІэу псэущхьэхэр хьумэным, гъэбэгъэным, абыхэм я хэщІапІэхэр зехьэным къэралыр кІэлъыплъынир кьызэрэпэщыным теухуа Положеніэр къещтэным и Іуэхуки Іэ» 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №843-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм щыщ къулыкъущІэу псэущхьэхэр хьумэным, гъэбэгъэным, абыхэм я хэщІапІэхэр зехьэным къэралыр кІэлъыплъынир кьызэрэпэщыным теухуа Положеніэм и министерствэм мэз псэущхьэхэмрэ псыхэм я биологие гъэтІылъыгъэхэмрэ хьумэнымкІэ, кІэлъыплъынымкІэ, кьызэрагъэсэбэп щыкІэр зэкІэлъыгъэкІуэнымкІэ и департаментым и унафэщІыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм псэущхьэхэмрэ абыхэм я хэщІапІэхэмрэ хьумэнымкІэ и кьэралинспектор нэхьыщхьэу;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм мэз псэущхьэхэмрэ псыхэм я биологие гъэтІылъыгъэхэмрэ хьумэнымкІэ, кІэлъыплъынымкІэ, кьызэрагъэсэбэп щыкІэр зэкІэлъыгъэкІуэнымкІэ и департаментым и кьудамэхэм я унафэщІхэу, кьудамэхэм я унафэщІхэм я кьудзэхэу кьэралыр кІэлъыплъынымкІэм теухуа Іуэхуигъуэхэр кьызэрэпэщыным зыгъэзащІэхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм псэущхьэхэмрэ абыхэм я хэщІапІэхэмрэ хьумэнымкІэ я кьэралинспектор нэхьыщхьэу;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм мэз псэущхьэхэмрэ псыхэм я биологие гъэтІылъыгъэхэмрэ хьумэнымкІэ, кІэлъыплъынымкІэ, кьызэрагъэсэбэп щыкІэр зэкІэлъыгъэкІуэнымкІэ и департаментым и «ЕщІагъэлІхэр» категориемкІэ хьыхьэ кьэралгражданкІэ кьулыкъущІэхэу гупым и пашэ, и нэхьыжь кьалэнхэр езыхьэкІэу кьэралыр кІэлъыплъынымкІэм теухуа Іуэхуигъуэхэр кьызэрэпэщыным зыгъэзащІэхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм псэущхьэхэмрэ абыхэм я хэщІапІэхэмрэ хьумэнымкІэ я кьэралинспектор нэхьыщхьэу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МЕРКУЛОВ Александр

«КьэралгражданкІэ кьулыкъущІэхэм я Планэхэр зыгъэзащІэ проектым щыуБыхуахэм я План зэхэтыр (адэкІэ - План);

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 2-м ***№50-ПП***

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьэралщІэзэгъэнэ политикэр зэрыщагъэзащІэр кьэгъэлъэгъуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Мы дэщІыгъуэр къэщтэн:

«Кьэралскъэт» хьыбарегъащІэ-уэзщІынигъэ проектым щыуБыхуахэм я План зэхэтыр (адэкІэ - План);

Налшык кьалэ округым щІэныгъэ зэрагъэгъуэт и муниципальнэ Іуэхуи Іапі Іэхэмрэ курыт профессиональнэ, щІэныгъэ нэхьыщхьэ щрат кьэраледжапІэхэмрэ егъэбыдыдІа кьулыкъущІэхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ХьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкі Э и министерствэм (Пащты Б. С.) Планыр ГъэзэщІэныр, апхуэдэу а лэжьыгъэ зэрекІуэкІыр хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ къэгъэлъэгъуэным кьыз эрригъэпэщыныр.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэралбластымрэ и Іуэхуи Іапі Іэхэмрэ я щІэныгъэ и Іуэхуи Іапі Іэхэмкі Э и министерствэм (Жамбоер В. С.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым (Чеченов А. А.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэ Судым (Геляхов А. С.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхьыщхьэм (Джэщ В. М.), Налшык кьалэ округым и щІыпІэ администрацэм (Хьэгъэс З. А.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм курыт профессиональнэ, щІэныгъэ нэхьыщхьэ Іуэхуи Іэ щыІэ еджапІэхэм чэнджэщ етын Планыр гъэзэщІэным хэтыныху.

4. Кьэралкъэт Іуэхуи Іэ щІэныгъэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм (Томчак Ю. И.) чэнджэщ етын Планым щыубыхуэ Іуэхуигъуэхэр эрагъэкІуэкІ щІыпІэхэм щынагъэныщагъэр кьыщыдэрригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

2015 гъэ пщІондэ жылагъуэмрэ къэралымрэ зэрызэдлэжьэнум и Концепцэм и Іуэхуки Іэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 9-м ***№52-ПП***

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэр жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэмрэ нэгъуэщІ мыкоммерцэ организацэхэмрэ яэзрыдлажьэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

2015 гъэ пщІондэ жылагъуэмрэ къэралымрэ зэрызэдлэжьэнум теухуа Концепцэу Унафэм дэщІыгъум арэзы техьэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІалэгъуалэр хэкупсу гъэсэныкъэм дэзи кьулыкъу зэрыщащІэнум хуэгъэхъэзырыныкъэ (2010 - 2015 гъэхэм)» Іуэху хэхам хуэунэтІа республикэ программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 2-м ***№53-ПП***

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІалэгъуалэр хэкупсу гъэсэныкъэм дэзи кьулыкъу зэрыщащІэнум хуэгъэхъэзырыныкъэ (2010 - 2015 гъэхэм)» Іуэху хэхам хуэунэтІа республикэ программэм (адэкІэ - Программэ), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъэзэм и 31-м кьыдигъэкІа Унафэ №349-ПП-мкІэ кьащтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

1) Программэм и паспортым «Программэр зыгъэзащІэнуэхэр» жыхуиІэ и Іыхьэр мыпхуэдэу кьэхьын:

«Программэр зыгъэзащІэнуэхэр	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ХьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкі Э и министерствэр; Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэр; Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щэнхабзэмкі Э и министерствэр; Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэр; Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узынщагъэр хьумэнымкІэ и министерствэр; Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжыныгъэмкІэ, кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ дуней м кьэхъукъащІэ шынагъуэхэм я лъэужьыр гъэкІуэджьынымкІэ и министерствэм и Управленіэ изэхьащІэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр *(эзгурыІуауэ);* Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дзэ комиссариатыр *(эзгурыІуауэ)* Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ зэгуэхэныгъэхэм я щІыпІэ администрацэхэр *(эзгурыІуауэ);* Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ ІкІэ Іэщ Іэуэзэда Кьарухэмрэ хабзэхъуэ органхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагъуэ зэгуэхэныгъэр *(эзгурыІуауэ);* Урысейм и ДОСААФ урысейпсо жылагъуэкъэрал зэгуэхэныгъэм и кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр *(эзгурыІуауэ)»;*

2) Программэм и паспортым и «Программэм текІуэдэнымрэ ахэр кьызыхэкІынымрэ» Іыхьэр мыпхуэдэу кьэхьын:

«Программэм текІуэдэнымрэ ахэр кьызыхэкІынымрэ	- Программэр гъэзэщІэным псори зэхэту текІуэдэнур - сом мин 27864,69-рэ, абы щыщу: Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу - сом мин 26064,69-рэ; бюджетым щымыщ мылькуу сом мин 1800-рэ»;

3) Программэм и V Іыхьэм и яп-э абзацыр мыпхуэдэу кьэхьын:

«Программэм хьыхь Іуэхугъуэхэр зэфІэгъэкІыным псори зэхэту сом мин 27864,69-рэ текІуэдэнкІэ, гуэдзэн №3-м кьызэрыщыгъэлъэгъуам тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ бюджетым щымыщ кьыхэкІыпІэхэмрэ кьыхальхьэу.

4) Мы Программэм и гуэдзэнхэу №2-мрэ №3-мрэ щІэуэ кьэхьын.

2. Кьары имылЭжьу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м кьыдигъэкІа Унафэ №486-рп-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м кьыдигъэкІа Унафэ №660-ПП-м зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 6-м ***№57-ПП***

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм хиубыдэ жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэІуэзэпэщ щІыным, абыхэм щхьэантІагъэхэр щыхэсэным хуэунэтІа мазитІ лэжьыгъэ егъэкІуэкІыным теухуа хабзэм и Іуэхуки Іэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм кьыдигъэкІа Унафэ №660-ПП-м зэхъуэкІныгъэ хэлъхьэн, абы и 3-нэ пунктыр мыпхуэдэу кьэхьауэ:

«3. Мы Унафэр эрагъэзащІэм кІэлъыплъныр и пщІ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэ Уэнаев К.Хь. - М.».

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм хиубыдэ жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэІуэзэпэщ щІыным, абыхэм щхьэантІагъэхэр щыхэсэным хуэунэтІа мазитІ лэжьыгъэр егъэкІуэкІыным теухуа комиссэм, ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуа унафэмкІэ кьащтам:

а) хэгъэхъэн Абрэдж І. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрыр;

б) комиссэм хагъэхьахэм я кьулыкъущІэхэр кьэгъэлъэгъэн:

Кулиев М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ пэсупІэ-комунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр и кьудзэр

Несутулов В. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Экологиемрэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкІэ и комитетым и кьэралбластымрэ

в) хэгъэкІыжын Афэщ Іагъуэ М. Гъу., Чеченов А. А.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэралмылькуэ зэратыр (учет зэращыр) егъэфІэкІуэным и Іуэхуки Іэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 16-м ***№65-ПП***

«Федеральнэ мылькуэр учет зэращІыр егъэфІэкІуэным и Іуэхуки Іэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьищІа унафэ №447-мрэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькуэр зехьэным и Іуэхуки Іэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьыдэкІа Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-мрэ ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькуэр учет зэращым и Іуэхуки Іэ мы дэщІыгъу Положеніэр къещтэн (адэкІэ-Положеніэ).

2. ЩыІэ законодательствэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькуэ Іэщ Іэльыну, кьигъэсэбэпыну, абы унафэ хуищыну хуитыныгъэ зиІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм кьалэн ящыщым, къэрал властым и адрей ІэнатІэхэмрэ зыхуэдэм емылъытэ организацэхэм я Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ жылагъуэ зэгуэхэныгъэр *(эзгурыІуауэ);*

Урысейм и ДОСААФ урысейпсо жылагъуэкъэрал зэгуэхэныгъэм и кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр *(эзгурыІуауэ)»;*

2) Программэм и паспортым и «Программэм текІуэдэнымрэ ахэр кьызыхэкІынымрэ» Іыхьэр мыпхуэдэу кьэхьын:

«Программэм текІуэдэнымрэ ахэр кьызыхэкІынымрэ	- Программэр гъэзэщІэным псори зэхэту текІуэдэнур - сом мин 27864,69-рэ, абы щыщу: Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу - сом мин 26064,69-рэ; бюджетым щымыщ мылькуу сом мин 1800-рэ»;

3) Программэм и V Іыхьэм и яп-э абзацыр мыпхуэдэу кьэхьын:

«Программэм хьыхь Іуэхугъуэхэр зэфІэгъэкІыным псори зэхэту сом мин 27864,69-рэ текІуэдэнкІэ, гуэдзэн №3-м кьызэрыщыгъэлъэгъуам тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ бюджетым щымыщ кьыхэкІыпІэхэмрэ кьыхальхьэу.

4) Мы Программэм и гуэдзэнхэу №2-мрэ №3-мрэ щІэуэ кьэхьын.

5. Мы унафэр эрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькуэм унафэ хуэщІынымрэ щІым и гъэтІылъыгъэхэмкІэ и министерствэм ирагъэкІуэн.

ІэнатІэхэм я ІэщІэлъ мылькуэр зыхуэдэм теухуа хьыбархэр зэтыныр кьызэрагъэпэщыну.

3. ЩыІэ законодательствэм ипкъ иткІэ, пщэрылъэр зыщащІа Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и властым и гъэзэщІакІуэ органэм, къэрал властым и адрей ІэнатІэхэмрэ нэгъуэщІ организацэхэмрэ кьэрал мылькуэм теухуа зэгурыІуныгъэхэр щрахъуІэкІэ, зэгурыІуныгъэ ящІыгъэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькуэр, Положеніэм зэрыщыІуБыхуам хуэдэу, реестрым кьыщагъэлъэгъуэну гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэр муниципальнэ мылькуэр учет зэращым теухуа апхуэдэ положеніэхэр ягъэхьэныну чэнджэщ етын.

5. Мы унафэр эрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькуэм унафэ хуэщІынымрэ щІым и гъэтІылъыгъэхэмкІэ и министерствэм ирагъэкІуэн.

6. ЩыІэ законодательствэм ипкъ иткІэ, щІэныгъэ зыщащІа Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и властым и гъэзэщІакІуэ органэм, къэрал властым и адрей ІэнатІэхэмрэ нэгъуэщІ организацэхэмрэ кьэрал мылькуэм теухуа зэгурыІуныгъэхэр щрахъуІэкІэ, зэгурыІуныгъэ ящІыгъэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькуэр, Положеніэм зэрыщыІуБыхуам хуэдэу, реестрым кьыщагъэлъэгъуэну гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэр муниципальнэ мылькуэр учет зэращым теухуа апхуэдэ положеніэхэр ягъэхьэныну чэнджэщ етын.

5. Мы унафэр эрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькуэм унафэ хуэщІынымрэ щІым и гъэтІылъыгъэхэмкІэ и министр Сэхъу М. И.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м кьыдигъэкІа Унафэ №348-ПП-м кьыру имылЭжу кьэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 6 ***№59-ПП***

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыхуэзэм я щытыкІэхэр тхыным елэжь органэм я Іуэхуки Іэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр гъэзэщІэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м кьыдигъэкІа Унафэ №348-ПП-м кьару имылЭжу кьэлъытэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МЕРКУЛОВ Александр

2010 гъэм Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм зэрыщыІэнум и пІалъэм зыхуэгъэхъэзырыныкъэ ар зэуІуу егъэкІуэкІыныкІэ лэжьыныхьэхэм я Іуэхуки Іэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазыжьыхьым и 26-м ***№ 72-ПП***

Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм зэрыщыІэнум республикэм и хозяйствэхэм и пІалъэм зыхуэгъэхъэзырыр, Іэщхьі продукцэу кьалэжьым хагъэхъуэн, кьущхьэхъу хъупІэхэмрэ кьуажэхэм кьедахэмрэ фейдэ пылъу кьыгъэсэбэпын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм (Ерчэн Т. Хъу.) хуэгъэувын 2010 гъэм Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм зэрыщыІэнум зыхуэгъэхъэзырыныкъэ я лэжьыгъэ егъэкІуэкІыныкъэ теуха зэІуэІ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым Іуэхур зэгъэщІапІа и гъэзэщІакІуэ органэм, муниципальнэ районэм, кьалэ округэм я щІыпІэ администрацэхэм, мэкъумэш ІэнатІэ лІэужьыгъуэ псоми ящІыгъуу 2010 гъэм накьыгъэм и 20 пщІондэ кьыз эрригъэпэщыну.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

кьуажэхэм кьедза щІы Іыхьэхэр щыхуэзэр щІыхуэзэр? Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ бэджэнду етыным теухуа лэжьыгъэр 2010 гъэм накьыгъэм и 1 пщІондэ эфІагъэкІыу бэджэндырылажьэхэм я спискэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм Іэрагъэхьэну;

мэкъумэш ІэнатІэ лІэужьыгъуэ псори ящІыгъуу, жылагъуэм, унагъуэхэм, мэкъумэшышІэ (фермер) хозяйствэхэм я Іэщу гъэмахуэ хъупІэхэмрэ кьуажэхэм кьедахэмрэ ягъэкІуэнур ягъэбеджьылыну, Іэбгъэ хъущхьэр, мэл гуартэхэр, хакІуапІэхэр зэгъэуІуныр кьызэрагъэпэщыну.

3. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ветеринариемкІэ и управленэ» республикэ кьэрал Іуэхуи Іапі Іэм (Луп Р. М.) хуэгъэувын Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм зэрыщыІэнум хуэгъэхъэзырыным ехьэлІа ветеринар-профилактикэ лэжьыгъэ нэхьыщхьэ псори 2010 гъэм накьыгъэм и 15 пщІондэ эфІигъэкІыну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькуэм унафэ хуэщІынымрэ щІы гъэтІылъыгъэхэмкІэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькуэм хьыхь эхъупІэхэмрэ мэкъумэш Іэщыр щаІыгъын, мэкъу щеуэн папщІэ, щыІэ хабзэхэм тету, щІыхуэзэмрэ юридическэ ІэнатІэхэмрэ бэджэндэу яритыну.

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкі Э и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын 2010 гъэм и яп-э мазихым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Лъэпкъ экономикэ» Іыхьэм «Мэкъумэш хозяйствэмрэ бдзэжьей ещэныкъэ» и Іыхьэ гуэдзэм кьыхэкІыу сом мелуан 1,0 Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм зэрыщыІэнум тригъэкІуэдэн папщІэ, республикэ бюджетым зэрыщыубыхуам хуэдэу, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм хуэнакьыну.

6. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Транспортымкі Э, связымрэ гъэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм (Сунш А. А.) хуэгъэувын:

Къуэштан, Алтыякъ, Кьэнжал Ищхьэрэ, Хьэкъуафэ, Хьэзнидон, Сукан, Хьымэлан, ПсыкІэхущхьэ хъупІэхэм щыІэхэм гулыпІэ хэха яхущІкІэрэ, гъэмахуэ хъупІэхэм я гъэгуэхэр зэгъэпэщжьныр 2010 гъэм накьыгъэм и 10 пщІондэ эфІигъэкІыну;

Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм щыщыІэну эзманым кьриубыдэу гъэгуэхэр зыхуэй хуэзэ зэрихьэну.

7. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узынщагъэр хьумэнымкІэ и министерствэм (Бицу В. Г.) хуэгъэувын республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм, мэкъумэшхэкІ кьэзылажь ІэнатІэ псоми ящІыгъуу 2010 гъэм накьыгъэм и 15 пщІондэ:

Іэщыхъуэхэм, абыхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэнуэхэм я узынщагъэр кьэлъытагъыр эфІигъэкІыну;

накьыгъэм и 15-м кьыщыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 15 пщІондэ кьущхьэхъуэ щыІэ Іэщыхъуэхэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнырэ зэтригъэувэну;

Аурсэнтх, Хьэмащэ, Щэрэдж кьущхьэхъу хъупІэхэм медицинэм и лэжьакІуэхэм щытыкІэ тэмэм кьащыхуэзригъэпэщу автотранспорт яригъэбыдыІэну.

8. Кьэралкъэт Іуэхущ Іуэхуэмкі Э министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм (Томчак Ю. И.) чэнджэщ етын Іэщыр хъупІэхэм эрашэ, кьызэрашэж автотранспортыр щына-гъэншэу зекІуэнырэ кьызэригъэпэщыну, щытыкІэр зыхуэдэм тещІыхьауэ Аурсэнтх, Хьэмащэ, Щэрэдж кьущхьэхъу хъупІэхэм хабзэр щыдиІыгъыну.

9. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щэнхабзэмкі Э и министерствэм (Фырэ Р. Б.) хуэгъэувын хъупІэхэм зэпымыуэу фильмхэр щагъэлъэгъуэныр, художественнэ самодеятельнэ гупхэм концертхэр щатынырэ кьызэригъэпэщыну.

10. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ХьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкі Э и министерствэм (Пащты Б. С.) и пщІ ильхьэн Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм зэрыщыІэнум жылэ нэхьыфІхэмкІэ зэблэмыуэ кьызэригъэпэщыну.

11. «Щыналъэхэмэлектрокъэрупрэятезыгушэ Кавказ Ищхьэрэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм (Гъубжьокъуэ Ю. М.) чэнджэщ етын 2010 гъэм накьыгъэм и 20 пщІондэ:

кьущхьэхъу хъупІэхэм щыІэ электролинэхэр зэгъэпэщыжьныр эфІигъэкІыну, кьызыгъэсэбэпэхэм электрокъэрупрэ яхупІдзэжыну;

электрикхэр жэщи махуи зэрыплъырыну щыкІэр иубыхуну, ахэр тэмэму лэжьэн папщІэ зыхуеинухэмкІэ, транспортткІэ кьызэригъэпэщыну.

14. «КъэббалкъмэжъуэмшпсыкІуапІэ» кьэрал предприятэм (Хьэжырокъуэ В. Хь.) хуэгъэувын кьущхьэхъу хъупІэхэм щыІэ Іэщ фермэхэр адрей Іуэхущ Іапі Іэхэр зэблэу кьыхэмыкІыу псыкІэ кьызэригъэпэщыну.

15. «2009 гъэм и гъэмахуэ лъэхъэнэм Іэщыр хъупІэхэм зэрыщыІэнум и пІалъэм зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар зэуІуу егъэкІуэкІынымкІэ дэжьыпхъэхэмрэ я Іуэхуки Іэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 26-м кьищта Унафэ № 68-ПП-м кьару имылЭжу кьэлъытэн.

16. Мы Унафэр эрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэ Уэнаев К. Хь.-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МЕРКУЛОВ Александр

●Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

«Кабардинка» къэфакІуэ гупыр. *1940 гъэ*

Къэбэрдей-Балькъэрым и тхакІуэхэр Хьэхъупащ Іэ Хьэжбэчыр, Щомахуэ Амырхъан, Отаров Керим, Макитов Сэфар, Елгъэр Кашиф сымэ Адыгейм щохьэщІэ. Абыхэм кьабгъэдэтщ прозаик щэрыІуэ Льюсэи Иэуфр «Социалистическэ Адыгей» газетым и корреспондент Гугъэв Муратрэ. *1967 гъэ*

Берлин къэзыштахэм ящыщ Жырыкъ Абузар

«Налшык и уэрам нэхъыщхьэм кьрикIуэт зи бгъэгур орденхэмрэ медалхэмкIэ зэшIэбла Хэку зауэшхуэм и ветераныр. Кьыщегуэпа эхьихьэ кьыззрыщIэкIыжар кьапщIэу и нэгур зэIуихат, удз гъэгъа Iэрамэзыхуи ныгут. Абы сыщыIуупльэм си гукъыдэжьым зыхэсщIэу зи:Iэтащ, гушхуэныгъэ кьысхилъхьащ, си сымыцIыхуу щытми, сэлам есхри сыблэкIащ. А дакьикьхэжьм сыкьащIэу зауэ лыгъэм и гугъу-ехьхэмрэ абы и хьэзабхэмрэ зыгъэвахэм яхэта си адэм теухуа гукъэкIыжхэм. Фэеплъу зеспхьэ тхылъхэм яхэсльхьэну сыхуейт си адэм теухуа тхыгъэ зытет «Адыгэ псалъэ» газетыр икIи ар кьысхутведзамэ, гуапэ сщыхьунт, - жиIэри редакцэм къыщIыхьха Жырыкъ Марат и адэм ЗэрихьА хахуагъэмрэ лыгъэмрэ папщIэ кьыхуагъэфэща дамыгъэхэм щыхьэт техьуэ дэфтэрхэр ди пащхьэ кьрильхьащ.

УИ ХЭЖУ пхъумэжьи кьалэныи нэхъ льапIэ зэрыщымыIэм кьару нэхъыбэ кьыхильхьэу, щхьэмыгъаззэу ар япэкIэ кIуэрт. И ныбжьым емылъытауэ, жьыжьапIуэ, псыныIэу псори зэпилъытри абы и хэкIыпIэхэр кьигъэуэтырт, фронтым кьыдыIут зауэлIхэр ебгъэрыкIуэныгъэм нэхъри тригъэгушхуэрт. Апхуэдэ хахуагъэрт абы командирхэм кьалэн кьыззэхьыжьыр пщэрыль кьыщIыщыр...

Зи гугъу фхуэтщIынур 1941 гъэм нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэр ди Хэкум кьыщIетуэам япэу фашистхэм ягъэщIэуваэм, ильэс лыгъэхэр кьыззэзынэкIаэм ящыщ Жырыкъ Абузар Хьэмзэт и къуэрщ. Ар 1917 гъэм Брамтэ (Вольный Аул) кьуажэм кьыщалъхуащ. КлассиплI кьэзыкуэ ныбжьыщIэм пасэу лэжьыгъэм эритат Арщхьэкlэ, жьыжь нэмысу, дээм ираджэри кьулыкьур щытхъу пылъу ирихьэкIащ. Гугъуехьым щымыщтэу щIалэ псычъа кьащIыкIат Абузар. Есым и ныб жьхэми зуэдэу, и радыфIэр иIэт, ах эр зэрыгирегъэхьулIэным хуэпабгьэт. Арщхьэкlэ, фашистхэр Хэкум кьытеуэри, псори напIэзыпIэм кьызэпичащ.

Фронтым ираджа щалэм зауэлI иеэзу зыкьыгъэлъэгъуащ. Зыхэт частыр ерыскьыхэкIэмрэ Iэщэ Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэщыныр кьалэм щащIат зи щэныкьэ зыныгьыкIэмрэ гунэс ящыхьуа щIалэм. И Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ ар зэрызэфIихьымрэ кьрикIуэу, гвардием и старшина ящIа Жырыкьым батальоныр зыхуэныкьуэ псори яIэригъэ хьэрт.

Гугъуехьрэ хьэзабкIэ гъэнщIа илъэс лыгъэхэм кьызэфIэмыщIэу пхыкIащ тIэунейрэ уIэгъэ хьуа Абузар. Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIэбэн зауэлIхэм ящыгъуэ, ар кьикIуэт имыщIэу Берлин нэс кIуэщIрыкIащ.

Зауэ гуащIэ Iэджэм хэтащ ди лъахэгъуэ. 1944 гъэм Одессэ кьалэр хуит кьэзыщIыжахэм, Ингулец псым зэпрыкIыу кьухьэпIэ лъэныкъуэ Iуфэмкlэ зыщызыгъэбыда нэмыщэхэр изыгъэкIуэтахэм, Никополь кьалэр хуит кьэзыщIыжахэм яхэтащ.

1945 гъэр, мыухьж гуфIэгъэхьэзмрэ абы и хьэзабхэмрэ зыгъэвахэм яхэта си адэм теухуа гукъэкIыжхэм. Фэеплъу зеспхьэ тхылъхэм яхэсльхьэну сыхуейт си адэм теухуа тхыгъэ зытет «Адыгэ псалъэ» газетыр икIи ар кьысхутведзамэ, гуапэ сщыхьунт, - жиIэри редакцэм къыщIыхьха Жырыкъ Марат и адэм ЗэрихьА хахуагъэмрэ лыгъэмрэ папщIэ кьыхуагъэфэща дамыгъэхэм щыхьэт техьуэ дэфтэрхэр ди пащхьэ кьрильхьащ.

Жырыкъ Абузар

Жырыкъ Мыуминат

Абузар и щхьэгъусэ Мыуминат колхоз лэжьыгъэм кьыпэрыкIа нэужь, илъэс куэдкIэ «Налшык хьэлэ заводым» щылэжьащ. Абы и ныбэрей унафэщIхэм я ветераныр ящыгъуэрэкьым, Илъэсыщ1эм, Щ1ыхьбзхэм я дунейпсо, ТекIуэныгъэм и махуэ щхьэхэм кьохьу зкъу, гулыгъ кьыхуащI. Мыуминат зэрехьэ «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэщхуэм щигъэзэщIа лэжьыгъэфIым папщIэ» медалыр, дамыгъэхэм иджыблагъэ кьахэхьуащ «ТекIуэныгъэ Йныр илъэс 65-рэ ирокьу» юбилей медалыр.

Абузаррэ Мыуминатрэ гугъуехьми лэжьыгъэми кьапимыкIуэту кьэгъуэгурыкIуащ. Абыхэм лIащIыгъэ ныкьуэ кьыззэдагъащIэ. Зэщхьэгъусэхэм бынипIл - щIалитIрэ хьыджэбзитIрэ зэрадIпIащ. Абузар сыт щыгъуи зыщIэхьэгъэ зригъэгъэщI, университетым курыт лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэм щыхагъахьуэ и кьудамэм и унафэщIщ. Маряти щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ, узыншагъэр хьумэныкIэ Iэнатlэм и экономисту лэжьащ, иджьпсту зегъэпсэ ху. Я нэхъыщIэ Рулан и Iэщ1агъэкIэ инженерухуакIуэщ унагъуэ насыпыфIэу мэпсэу.

ЗэдэлъхуэзыщIыхьуэм, абыхэм я щIэблэм зыIэрагъэзыжьа екIуэлIэныгъэхэм ирягушхуэу, псоми я щапхъэгъэльагъэу я, я ущиякIу уэ, унагъуэм и жьагу плыыру Абузар псэуащ. ПщIэкьым и нэхъыжь кьалэныр кьыщыльысами, абы и Iуэхуэзехьэкlэу щытар ноби яшыгъупщэркьым. Ар 1998 гъэм дунейм ехьжащ. Нобэ яхуэпсэущ нанэ гуапэ Мыуминати куэдрэ Iкъэм кьыщIигъэт.

УЭРДОКIУЭ Женя.

Мыуминатрэ Абузаррэ. *1941 гъэ*

Инжыджокъуэ Бэчмырзэ и щапхъэ

Хэку зауэшхуэм ди кьэралым кьыщихьа ТекIуэныгъэ Иныр зэхэтыщ а мафIэ лыгъейм хэта дэтхэнэ зауэлIми - сэлэтми, офицерми - и щхьэкIэ, и зэфIэкIкIэ, акьылкIэ абы хуищIа хэлъхьэныгъэхэу. Ди республикэм и бын куэди щIэзэуащ а щIыхьэ хьугъуэфIыгъуэм, машIэкъым текIуэныгъэм папщIэ зи псэ зытаэри. Бийм езаэуэрэ абы и хэщIапIэм нэсаэм ящыщащ гвардием и лейтенант нэхъыщIэ Инжыджокъуэ Бэчмырзэ Чыщу и куэр.

БЭЧМЫРЗЭ 1912 гъэм кьыщалъхуащ Лэскэн куейм хыхьэ Аргудан кьуажэм щыпсэу мэкъумэзыщIэ унагъуэм. Революцэхуэм и пэкIи абы и ужькIи унагъуэм исхэр нэхъыбэу зэлэжьар мэкъумэзыщыр, Iэщ гъэхъунырщ. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм щIапIыкIа щIалэщIэр сыт хуэдэ Iуэхуми хуэжьыдкэру, щхьэх имыщIэу кьэхьуащ. Кьуажэм дэт илъэсибл школыр кьиуха нэужь, ар ягъэкIуащ колхозхэм папщIэ счетоводхэр щагъэхьэзыру Орджоникидзе щыIа курсхэм. ИужькIэ а Iэщ1агъэм щрилэжьащ Аргудан, Плановскэ кьуажэхэм.

1936 гъэм Бэчмырзэ дээм ираджэ кьулыкьу ящIэну. Ар хэхуауэ щыташ 68-нэ шуудэ полкым. Курс кIэщIхэр ехьулIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, адыгэ щIалэр ягъэуващ шуу эскадроным и старшинауэ. Апхуэдэу гу къабзэу, пэжу и кьулыкьур ирихьэкIыу ар ирихьэлIащ 1941 гъэм и гъэмахуэ гуимыкIыжым.

Зауэм и пэм Инжыджокъуэр щеджащ лейтенант нэхъыщIэхэр щагъэхьэзыр курсхэм. Абы и ужькIэ ар ягъэкIуащ Инщэ фронтым и 81-нэ шуу дивизэм танкхэр зыкьутэ фочаущ взводым и командир. Каховкэ дежи щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэту, 1943 гъэм и бжьыхьэм Бэчмырзэ уIагъэхьэлъэхьащ икIи мазэ зыбжанэкIэ госпиталым щIэльащ. Абы и ужькIэ Инжыджокъуэр фронтым Iухьэжащ икIи 3-нэ Украин фронтым хэту зауэ гъэугуанэхэр щызэпичащ Румынием, Венгриеми, Югославиеми, Австриеми. А лъэхъэнэми лIыгъэшхуэ зыхэлъ, зэфIэкI льагэ зиIэ зауэлIу зыкьыгъэлъэгъащ Инжыджокъуэ Бэчмырзэ. «УIэгъэ нэужьым, 1944 гъэм и мэлыжьыхь мазэм, Инжыджокъуэр эскадроным кьэкIуэжащ икIи ПТР взводым и командиру ягъэщащ. Бийм и танкыр машIэкъым абы и гупым якьутар. Нэмыцэ-румын гупхэм дацезауэм щыгъуэ, 610-нэ льагапIэм дытету, Инжыджокъуэм игъэлъэгъащ зауэлI нэсым и щапхъэ куэд. Абы щхьэкIэ Бэчмырзэ кьратащ кьэрал дамыгъэ льапIэ» - «Вагъуэ Плъыжь орденыр», - Украин фронтым и 3-нэ эскадроным и командир Карецкий апхуэдэу иритхащи ди лъахэгъу щIалэм щхьэкIэ ягъэхьэзыра характеристикэм. А псалъэхэр Бэчмырзэ кьилэжьащ хэлъа лIыгъэмрэ хахуагъэмкIэ, кьэралым и хуитныкьуэ и псэ емыблэжу зэрыщIэзэуамкIэ.

Зауэм щызэпичаэ лIыгъэхэм папщIэ Бэчмырзэ кьыхуагъэфэщащ нэгъуэщI дамыгъэхэри. Абыхэм ящыщи Хэку зауэ орденым и нагъыщэр, «Кавказыр зэрахьумам папщIэ», «Сталинград зэрахьумам папщIэ», «Будапешт хуит кьызэращыжам папщIэ», «Германием дыззрытекIуам папщIэ», нэгъэщI медалхэри. Апхуэдэу абы кьратащ щытхъу, фIыщIэ тхылъхэри.

Зауэ нэужьым IэнатIэ зыбжанэ ирихьэкIащ Инжыджокъуэм. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ дзыкъ кьыхуащIами, Бэчмырзэ ар игъэзэщIащ псэ хьэлэту, и напэрэ и нэмысрэ емыщIыжу.

Инжыджокъуэр псэужкъым. Зауэм кьыхиха фэбжьхэм ар яхащ 1963 гъэм, ауэ зауэлI хахуэм и фэеплъыр яхьэмэ и унагъуэм исхэм, кьыщIэхьэу щIэблэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мазэ зыбжанэт иIэжыр

ЩIыхь орденым и нагъыщищри зрата, щIыхь зиIэ гъущI гъузгу лэжьакIуэ, кьалэм щIыхь зиIэ и цIыку Герасименкэ Николай Афанасий и кьуэр щIипсэуа унэм и блыным мрамор кIэралъхьащ, прохладнэдэсхэм абы фIыщIэ зэрыхуащIым и щыхьэту. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикьур кьэблагъэпаэу Герасименкэ дунейм ехьжащ.

ЯПЭ ДАМЫГЪЭР - «ЗэуапIэ IэнатIэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» медалыр Герасименкэ 1942 гъэм и бжьыхьэм щратащ Дон псым и гуэнгъэуу. 1944 гъэм и мэкъуаэуэгъуэм снайпер Герасименкэ щIыхь орденым и ещанэ нагъыщэр кьыхуагъэфащащ.

Альп бгыхэм я дежи фашистыдзэхэр щызэтезыукIахэм жьыджэру зэрыкэтам папщIэ аргуэру кьратащ щIыхь орденым и 2-нэ нагъыщэр, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1955 гъэм накьыгъэм и 31-м кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ Герасименкэ Н.А. сэлэт дамыгъэ нэхъыщхьэр - щIыхь орденым и 1-нэ нагъыщэр - ираташ.

Фэеплъ пхъэбгъэр кьызэрызэIуахым теухуа Iэхуэхэм хэтащ Прохладнэ кьалэм и администрацэм и Iэтащхьэ Пархоменкэ Юлие, щIыпIэ самоуправленэм и советым и унафэщI Кузнецов Владимир, гъущI гъэгуум и Минераловод кьудамэм и унафэщI Черняев Алексей, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, «Урысей зэкьуэт» партым и щIыпIэ кьудамэм я лIыкIуэхэр, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьахэр, лIыхъужьым и унагъуэм щыщIэхэр, школакIуэхэр.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Берлин къэзыштахэм

КъУЭЩIЫСОКЪУЭ Борис Къасым и къуэр 1940 гъэм дзэм ираджэри, 1945 гъэр кьэсэсыху зауэм хэтащ. Орджоникидзе и лъэсырыкIуэдзэ училищэр кьэзыуха дейтенант нэхъыщIэр ящэщIыкIэ 38-нэ армэм и 803-нэ полкым и взводым и унафэщIу ягъэуващ. КъуэщIысокъуэм автоматкIэ зауэхэм я ротэм и Iэтащхьэу лIыгъэ щызэприхьащ Сталинград и деж, 1942 гъэм уIэгъэ хьэлъэ хьуащ. Урюпинск кьалэм щагъэхъужа нужь, абы зауэм игъэзэжащ, Ящэ Украин фронтым и 32-нэ офицер полк щхьэхуэм и батальоным и унафэщIу.

Борис и жьи тхылъ цIыкIум иритхат: «1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м Днестр дзэпрыкIри, Галич кьалэр кьэзгъащ. Бадзэуэгъуэм и 25-м Сапачув кьуажэм и деж нэмыщэхэмрэ мэжэрхэмрэ (венгрэхэу) хуажьбу зыкьыщытпэщIасащ. Бадзэуэгъуэм и 28-м кьыщыщIэдзауэ 30-р къэсыху СС-м и кьару лъэщхэм дапэщIэтащ».

Германием и щIыналъэм иту Къуэщ-Iысокъуэр етIуанэу уIэгъэ хьури, 1945 гъэм и шыщхьэIуэгъ госпиталым кьыщыщIатхыкIыжар.

Гвардием и капитан КъуэщIысокъуэ Борис Хэку зауэм и орденым и етIуанэ нагъыщэр, медалыр кьратащ.

1946 гъэм и фокIадэм ар Бахъсэн куейм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу, ильэситI дэкIри, Дзэлыкъуэ районым и прокурорым и кьалэнэр зыгъэзащIэу ягъэуващ.

КъуэщIысокъуэм и фIыгъэкIэ 1946 гъэм сэтей кьащIауэ щытащ мылъкушхуэ зэхэзыдыгъуа щIэпхъаджащIэ гуп, Арщхьэкlэ ар зи мыгуапэкэр щыIэу кьыщIэкIынт: 1948 гъэм ВКП(б)-м и обкомым и бюром и унафэкIэ ар прокурор кьулыкъум трагъэкIауэ щытащ.

Пэжщ, гулыгтэнщэу кьагъанакьым - Дзэлыкъуэ райисполкомым и секретару, Куба кьуажэ школым и унафэщIу лэжьащ. 1966 гъэр къэсыхукIэ Бахъсэн СПТУ №2-м и Iэтащхьэ кьулыкъур зэрихьащ. Куэдым я гум щIыхьащ ар 1969 гъэм накьыгъэм и 9-м автомобиль зэжьэхэуэм зэрыхэкIуэдар. КъуэщIысокъуэм и бынхэу Эдуардрэ Иринэрэ (КхъуэIуфэхэ я нысэщ) я адэм и фэеплъыр яхьумэ.

СЭРАХЪУ Александр,
УФ-м и Прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

ПIэу къауIа пэтми

Совет сэлэтхэм Вена хуит ящIыжащ. *1945 гъэ*

ПIасхъэщIэх хахуэм и уэрам

Балъкъэр Ипщэ къуажэм мемориал пхъэбгъу щыфIадзащ уэрамхэм ящыщ зым Хэку зауэшхуэм хэта Мечукаев Мурадин и цIэр зэрыфIащащ и саулыкъкIэ. ЖэрдэмкIэ къызыбгъэдэкIар, къуажэдэсхэрщ. Ар адыгъащ щыпIэ самоуправленэм и депутатэм.

ЖЫлПЭм и администрацэм и Iэтащхьэ Ногеров Байрамук тепсэлъыхьащ илъэс 20 фIэкIа и мыныбжьу хэкIуэда щIалэщIым къыгъэлъэгъуа хахуагъэм.

1942 гъэр екIуэкIыт. Псыхуэбз ийбыдауэ бийр Къэбардей-Балъкъэрым и щIыналъэм къыхуеIэрт. Сержант Мечукаев кьалэн щащIащ фашистхэм я щIыб дыхьэну, партизанхэм запищIэну, а кьалэм къыдэна дзэ ефджанIэм и курсант 29-р кьыщIыжьыну. БгыпIэ щIыпIэхэр фIыуэ зыщIыкIу Мурадин Iэрахъ Плъыжь орденыр хуагъэфэщащ.

Мыбдеж зыхуейину хьыбархэр щызэхуахьэсри, курсантхэр Псыхуабэ кьыдашащ, ахэр ЛашкIытIэ и деж зыщIыщIагъэбыда партизанхэм хагъэхьащ.

Мечукаевыр куэдрэ тIасхъэщIэх кIуащ. Ар пщэрылъ кьащащI псоми пэлъэщт.

ФокIадэм и 15-м кьихутэн хуейт Альтудрэ Прохладнэрэ я зэхуэкум танкыу дэтыр зыхуэдизыр. Бий машинэу 30 кьыбжауэ кьыздэкIуэжьым, бзэгу яхьри, Грабовец хуторым и деж нэмыцэхэм щрагъэбыдащ. ИужькIэ ятхыжащ: «ХъэкIэкъуэжьлагъэ хэлъу яубэрэжьыуэрэ ягъэлIащ, ауэ щэхур зыми хуиIуэтакъым». 1965 гъэм накьыгъэм и 8-м Мечукаев Мурадин Iэрахъ Плъыжь орденыр хуагъэфэщащ.

ПIыхьужьыр Прохладнэ куейм и Благовещенскэ кьуажэм и щIыналъэм хьыхь Грабовец хуторым щыщIалъхьащ.

Балъкъэр Ипщэ кьуажэм и раис-имам Циканов Мухьэдин, Шэрэдж куейм и Ветеранхэм я советым и унафэщI Чеченов Георгий, Урысейм щIыхь зиIэ и артист Бапинаев Зарифэ, усакIуэ Табакоев Мухьтар, кьуажэдэс нэхъыжьхэм жалащ щIалэщIым зэрихьа лIыгъэр ягу зэи зэримыхьнур, и щапхъэм щIэблэхэр щапIыкIыну зэрыхуейр.

Къызэхуэсахэм фIыщIэ хуащIу зэIущIым къыщыпсэльащ Мечукаевхэр я пIэпкъым и нэхъыжьхэм ящыщ Азрэтрэ тIасхъэщIэхым и шыпхъу Iэсиятрэ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

Ноби си нэгу щIэтщ

«Зауэм и кIэр хьэдагъэщ», - жаIэ адыгэхэм. Апхуэдэ нэщхъеягъуэ иным и гъэужь мыкIуэдыжщ ди кьэралым щекIуэкIа Хэку зауэшхуэм кьыхэхуащIэнэщ. Тхыдэм и папэкIуэцIхэм уи нэгу кьыщIагъэувэ а лъэхъэнэм нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэм игъэкъар. Ауэ зи адэ, кьуэш, благъэ, ныкъоры а зауэм хэкIуэдахэм я гурыщIэр куэдкIэ нэхъ куущ... Сыт хуэдиз зэман дэкIамщ, зауаем щIыхьэмэ щIыми ятридза дырыкъуэр кIуэдыжырыкъым.

ЗИ АДЭР зауаем зыIэщIилъхьахэм сащыщщ сэри. Абы ипкъ иткIэ, ТекIуэныгъэм и махуэ щхьэхуэм гурыщIитI кьызет: накьыгъэм и 9-р хэращ псом щыщагъэльапIэкIэ, мамырыгъэр кьыхтухэзыхьахэм си адэр зэрахэтам си гур хэтхэзу, ар пасэу зэрысIэщIэкIам сегъэнэщхьей...

Си адэ Щоджэн Хьэбас Сэральп и къуэр 1909 гъэм Кьызбрун ЕтIуанэ къуажэм кьыщалъхуащ. Лэжьыгъэм пщIэ хуэзыщI кьызэрыгуэкI адыгэ унагъуэм кьыхэкIа щIалэр сыт хуэдэ Iуэхуми хуэIэжьу кьуажэм щызэхэт коллхозым щыпажьэрт. Зэрыкьупнуду жьыхуаIэм хуэдэ щIалэ Iэчлъэчым и ныбжь щынэсым, щхьэгъусэ хуэхьуар Бжэмбейхэ япхъу Куэпэ. ЗэмыщхьитI зэрихьэлIэжьркъым жьыхуаIэрати, а тIур кьуажэ псом зэхуагъэфащэрт. Зым Iэпыхур адрейм кьищтэжу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм бынищ зэдагъуэтащ.

ФIым щIэхъуэпс, зи псэугъуэ ди адэ-анэм я гугъэхэр зэуэ кьэкъутащ... Унагъуэ куэдым -Iэ щIыпIэкIэ- яхэлъба Хэку зауэшхуэр кьэхъеящ... Ди унагъуэми кьыпIэмыIэсу кьэнакьым ар. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м си адэ Хьэбас зауэ IэнатIэм Iууващ. Адэкlэ Iуэхур кьызэрекIуэкIар зэрысщIэр си анэм и псалъэ хэмкIэщ. ЗэрыжаIэжьымкIэ, си адэр мафIэгукIэ Ростов нэс яшахэм ящыщщ. Абдеж щегъжьауэ махуэ щынагъуэ куэд кьызэздэкIащ. Ауэ зэгуэр ди адэм итхауэ зыкьыгIэрыхьа тхылъымпIэ кIапэм ди гур кьызэрихьэгъэгъуэтыжат. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а тхыгъэр япэт икIи нужьрейт...

Гугъэ нэпцIэхэмрэ нэпс щыгъэзэмрэ яхьащ си анэ тхъэмыщIкIэм и уэзыщагъэр. Апхуэдэ гуаэм пэлъэщакъым си ныбжьым емылъытауэ гугъуехь куэд зи пщэ кьыдэхуа си кьуэш нэхъыжь цIыкIури...

Зи щхьэгъусэр здэщыIэр зымыщIэ, гугъэ куэд зрипх щIалэ пажэр зимыIэж си анэм и гъащIэр икъукIэ хьэлъэ хьуат, ауэ а махуэ дыдэм бжыгъэнэщхэр кьызэрызэрипэкIын кьару теЛыдджэ кьыльыкъуэкIащ. Арыншауи хьунутэкъым, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, я гъащIэм кьыпызыщIэ бынхэр ипIыну. игъэсэну кьыпэщылът.

Апхуэдэ кьалэн мытынышым пэлъэщащ ди анэр, гъащIэм тлъ быдзэкIэ хэтын бынхэр кьыпгъэхьащ. Дэри ящIэм, а щIэблэм зыщIыпызыщIэ бынхэр ипIыну. игъэсэну кьыпэщылът.

Апхуэдэ кьалэн мытынышым пэлъэщащ ди анэр, гъащIэм тлъ быдзэкIэ хэтын бынхэр кьыпгъэхьащ. Дэри ящIэм, а щIэблэм зыщIыпызыщIэ бынхэр ипIыну. игъэсэну кьыпэщылът.

Си адэр зауаем зыIэщIилъхьахэм сащыщщ сэри. Абы ипкъ иткIэ, ТекIуэныгъэм и махуэ щхьэхуэм гурыщIитI кьызет: накьыгъэм и 9-р хэращ псом щыщагъэльапIэкIэ, мамырыгъэр кьыхтухэзыхьахэм си адэр зэрахэтам си гур хэтхэзу, ар пасэу зэрысIэщIэкIам сегъэнэщхьей...

Си адэр Щоджэн Хьэбас Сэральп и къуэр 1909 гъэм Кьызбрун ЕтIуанэ къуажэм кьыщалъхуащ. Лэжьыгъэм пщIэ хуэзыщI кьызэрыгуэкI адыгэ унагъуэм кьыхэкIа щIалэр сыт хуэдэ Iуэхуми хуэIэжьу кьуажэм щызэхэт коллхозым щыпажьэрт. Зэрыкьупнуду жьыхуаIэм хуэдэ щIалэ Iэчлъэчым и ныбжь щынэсым, щхьэгъусэ хуэхьуар Бжэмбейхэ япхъу Куэпэ. ЗэмыщхьитI зэрихьэлIэжьркъым жьыхуаIэрати, а тIур кьуажэ псом зэхуагъэфащэрт. Зым Iэпыхур адрейм кьищтэжу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм бынищ зэдагъуэтащ.

ФIым щIэхъуэпс, зи псэугъуэ ди адэ-анэм я гугъэхэр зэуэ кьэкъутащ... Унагъуэ куэдым -Iэ щIыпIэкIэ- яхэлъба Хэку зауэшхуэр кьэхъеящ... Ди унагъуэми кьыпIэмыIэсу кьэнакьым ар. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м си адэ Хьэбас зауэ IэнатIэм Iууващ. Адэкlэ Iуэхур кьызэрекIуэкIар зэрысщIэр си анэм и псалъэ хэмкIэщ. Зэ-

ШОДЖЭН Замудин.

• Сабий театрым папщІэ

Ныжэбэ фыгупсысэ

Хъэблэм дзыгъуэу дэсыр зэхэтЫсхъэри, зэчэнджэщащ.

Дзыгъу тхьэмадэм. Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ къыдэуэсауэ лъапэкІуэдыр кьытхуегъакІуэ. Абы фІэкІмэ, дыззтеунэхъуэнущ: зырыз-тІурытІурэ дыІуипІэнущ.

Зы дзыгъуэм. ЛІо-тІэ тщІэнур? ЗэуакІуэ дыкІуэкІэ дыпэлъэщынукъым.

ЕтІуанэ дзыгъуэм. Димышхыпэ щІыкІэ зыгуэр къэгупсысын хуейщ.

Ещанэм. КъаркІэ дыщыпэмылъэщынукІэ, Іэмал дыхуеврагъакІуэ.

ЕплІанэм. Дауэ? Сыт хуэдэ Іэмал?

Етхуанэм. Іэмалри? Джэдуужьым и пщэм узэджынэ идвгъащІэ. Нэгей и къуэр дзыгъуащэ къежьэмэ, узэджынэ макъымкІэ къэтщІэнущ. Узэджынэ макъыр зэхэтхмэ, хьэрэкъуакІэ дыдыхьэжынщи, зыфІэдгъэпщкІунщ.

Дзыгъуэхэм. Узахуэщ. Ар Іэмал хъунущ.

Дзыгъуэхэм ящыщ зым. Ар хъунт, ауэ дызэмыгупсыса хэльщ мы Іуэхум.

Дзыгъуэхэм. Сыт хэльыр?

НетІрей дзыгъуэм. Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэм и пщэм дауэ узэджынэр зэрищІэнур?

Дзыгъуэхэм. Абы дегупсысакъым. Ди акъыл хуэкІуакъым.

Дзыгъуэхэм ящыщ зым. Нэгей и къуэм ди хьэтыр кьильагъурэ и пщэм узэджынэр ирыдигъэщІатэмэ, игъащІэкІэ тщыгъупщэнтэкъым.

ЕтІуанэ дзыгъуэм. Дгъэбэлэрыгъэ итщІэмэ-щэ?

Дзыгъуэхэм. Нэгей и къуэр пхуэбэлэрыгъын. Ар фІэщыгъуэйщ. Тхуэгъэбэлэрыгъынкъым.

Дзыгъуэхэм ящыщ зым. ЛІо-тІэ тщІэнур? Сыт ди Іэмалыр? Ди тхьэмадэм зыгуэр кьытхэплъхьэркъэ - сыт ди Іэмал?

Дзыгъуэ тхьэмадэм. Ар сщІамэ, нэгъэщІ щыІэт? Сэ зэрысфІэзахуэращи, нобэ щхьэж и гъуэ фекІуэлІэжи, ныжэбэ фыгупсысэ. Іэмал гуэр къэзыгупсысыф кьыфхэкІмэ, пщэдей зэхудинІалъэщи, гуэн лъапэм дыщыпэрихьэлІэжынщ.

АдыкІэ зэгурыІуэри, дзыгъуэхэр зэгрыкІыжащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Сыт хуэдэ бзухэр къэлъэтэжрэ?

Хьэрхьуп (удод).
Зи пэр псыгъуэ кьуаншэ кІыхь, и щхьэм жьыщІегъэхум ещхьу хьэгуагуэ тету.

КІыгуугу (кукушка).
КьуанщІэ хуэдиз хьу бзу.

Бжэндэхьу (скворец).
Гъатхэм пасэ дыдэу кьэльэтэж бзу.

Кьалэ пцІащхьуэ
(городская ласточка).



Псыхьуэ пцІащхьуэ
(береговая ласточка).

Къуажэ пцІащхьуэ
(деревенская ласточка).

Къурш пцІащхьуэ
(горная ласточка).

НАРТ эпосым куэдрэ дыщыхуозэ *испы* псалъэм. АбыкІэ еджэрт нартхэм я гъунэгъуу псэу цІыху цІыкІужьеІхэм я лъэпкъым.

Тамакъ къыщыщІэдзауэ Сыхьум нэс тенджыз Іуфэм щыгъунэжщ мывэ кхъэлэгъунэхэр. Адыгэхэр апхуэдэ кхъэлэгъунэхэм *испы унэкІэ* йоджэ. Илъэс миниплІым щІигъу я ныбжьщ испы унэхэм, ахэр щІын щІадзащ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ лъыкІэ кьагухьэ хьэтхэм я лъэхъэнэм.

Адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я щІынаІым кьыщызэтенащ испы унэ минитІрэ щищым щІигъу; абыхэм я нэхыбэм ущрихьэлІэр тенджыз Іуфэмрэ Кавказ къуршым и дыгъафІэмрэщ; испы унэ куэд ущыхуозэ Кавказ къуршым и дыгъэмыхъуэми, псалъэм папщІэ, Мейкъуапэ и Іэшэхъащэжэм.

ЩІэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, испы унэхэр архитектурэм и фэеплъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ, ахэр зыщІахэр куууэ щыгъуазэ хьуакІэ т архитектурэм и хабзэ нэхъыщхьэжэм. Илъэс миниплІым щІигъу я ныбжьми, испы унэхэр ноби псэущ, кьищэхэжакъым, нобэрей «уХуакІуэжэм» ямыкьутэмэ, иджыри щІэх пэлъэщынукъым зэманыр. Куэд елъытащ испы унэхэр псы зыщІэзымыф, жьыбгъэм имыпхъэх мывэ лІэужьыгъуэхэм кьызэрыхэщІыкІами.

Испы унэ лІэужьыгъуэ зыбжанэ кьэсащ ди деж. Нэхъыбэрэ узрихьэлІэр мывэ пхъэбгъуэхэм кьыхэщІыкІа испы унэхэрщ: мывэ пхъэбгъуиплІыр зэупсеярэ а плІым зы мывэ пхъэбгъу тегъэпъэдэжауэ. Мывэ пхъэбгъум метритІым щІигъу и лъагагъщ, и кІыхьагъыр метритІрэ ныкъуэм-метрищым щынэс щыІэщ, метр ныкъуэ и Іувагъщ. Зы мывэ пхъэбгъум тоннитху, уеблэмэ нэхъыбэ и хьэпъагъынкІэ мэкъу. Апхуэдиз зи инагъ, зи хьэпъагъ мывэ пхъэбгъур иупсын, игъэІэпхъуэн, игъэувын щхьэкІэ, пасэрейм, зэрыгурыІуэгъуэщи, абы пэлъэщын къарурэ Іэмалрэ (щІэныгъэрэ?) бгъэдэлъын хуеящ. Щэч хэлъкъым: дунеим ехьж псомэ испы унэ (мывэ кхъэлэгъунэ) хуагъэувыртэкъым, апхуэдэкІэ зыхуэупсэр пщІэшхуэ зиІэ щыху (дзэпщ, зауэлІ, хэкулІ) цІэрыІуэхэрт.

КЪАРТУЛ Гъузер.



Адакъэ

Макъамэр КЪЭБЭРДОКЪУЭ Борис,
псалъэхэр СОНЭ Абдулэрим *яйщ.*

Ди адакьэр лъэджажэщ,
И сыджышхуэу плъыжьыбзэр
Пащтыхь пыІэу кьазыдзэщ.
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

Ди адакьэм кьытекІуэ
Зэрыхьэблэу ямыІэ,
Зытегушхуэр щІегъэІэ.
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

Ушынауэ кьыфІэщІмэ,
Уяужь ито кьожажь,
Кьозэуэну ар хуожьэ.
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

А кІэрисэу бзаджащэм
Дзэпщым хуэдэу зегъэхьу;
Нанэ абы хуохъуащІэ:
Уо-ри-уо-рей-дэ, уей.

• Сабийхэм жаІэ

Пшынэ щхьэ еуэрэ?

Радиом адыгэ кьафэ кьитырт. Инал цІыкІу и анэм йоупщІ:

- Мамэ, а къафэр кьызДратыкІым щІэсхэр иджыпсту кьафэрэ?

- Хьэуэ.

- АтІэ къэмыфэнумэ, пшынэ щхьэ еуэрэ?

Зыми сыкъилъагъуртэкъым

- Нобэ сылъэпэрапэри Іейуэ сыджэлащ, - жи зы хьыджэбэ цІыкІум.

- Угъа-тІэ? - йоупщІ и ныбжьэгъур.

- Хьэуэ, сыгъакъым: зыми сыкьилъэгъуатэкъым.

* * *

- Уи щхьэцыр мыжьауэ еджапІэм укъыщІэкІуар сыт, Идар? - мэупщІэ егъэджакІуэр.

- ЩхьэмажьэсиІэкъым.

- Уи адэм еймкІэ бжьамэ хъунутэкъэ?

- Си адэм щхьэц теткъым, - жи Идар.

• Къуажэхьхэр

◆Зи пэр гъущІ, зи щІэр пхъэбгъу, зызыгъэпщ, зызыгъэщхь, фІыщІэр пІтьыжьу Іузылыкі.
◆Зи лыр зи кІуэцІу, зи кьупщхьэр зи щІыфэ.
◆Зи къуэпсыр дуней псом лъэІэс.
◆ЗэкІуэцІыплъхьэмэ, Іэгу из, зэкІуэцІыпхмэ, щІыфэ щыз.
◆Зэм пшэр мэхъу, зэм уэд мэхъу, макъкІэ унэр егъэхьей.

ЖЭУАПХЭР:

Пэмычыж. Пщынэ. Дыгъэ. Дуней. Щэлыгъ.

• Нэщэнэхэр

●Іэгур шхэмэ, ахъшэ къихъуэнущ.
●Бзуужьхэм шэдым зыхагъапскІэмэ, уэлбанэ хъунущ.
●Унэм тхьэгъэлэдж къыщыджэмэ, бэв къешэ.
●Хьэндыркъуакъуэ пхуапэрэ псым хэбдзэмэ, уэшх кърегъэшх.
● Уэлбанэ махуэу дыгъэр кьухьэ пэтрэ зэ кьызэплъэкІыжмэ, уэфІ мэхъуж.
●Ужьэ уи щІапІэ кьихьэмэ, хъер къехь.

• Псалъэ пэжхэр

Бдзэжьейкіэ машхэ

Уафэм пкІэ лъей езыдзыр - кьрущ,
И фэр игъэкъабзэрэ
Мэшым хэбзэхэкьым - ныбгъущ,
ЩІы щІыІум щыпэщащэрэ
Щы щІагъым и щхьиныр
кьыщІихьым - хьэрхьупщ,
Махуэм зигъэпщкІурэ
Жэщым щэкІуэн фІэфІым - дзыгъуэнэфщ,
Кьуаргъ нэфым
кьиІпыхьхуэр - джэджьей фащ,
И жьэгъур кьигъэпщрэ
Пщэдджьжь уэрэд
кьыхидзэм - хьэдырыкъуакъуэщ,
Зепщыпщэу кьикІухьрэ
УеІусэм зишъхьым - цыжьбанэщ,
Пабжьэм кьыщришрэ
ПсыпщІэм кьыхишэжьым - мэз бабыщщ,
Губгъуэм щыІущащэрэ
Унэм щыІущабэм - щынэ цыкІущ.
Бдзэжьейкіэ шхэрэ
Зи лыр ямышхыр - псыхэуэщ,
Гъунэгъу ухуэхъум
Зыкъундэрэ уи псэфыльым зыщІидзэм - ар дзыдзэщ.

«Псалъэ пэжхэр» къэзыІуэтэжар
Тэрч куейм щыщ
Абейкъуажэм щыпсэу
ГЪУЭНЫБЭ Люсэщ.

• Къебжэкіхэр

Дыргуэ-дыргуэ

Дыргуэ-дыргуэ,
Дыргуэ-мыщэ,
Дыргуэ-щауэ,
Щауэ кьан,
Нанэ и кьуэ,
Дадэ и кьуэ,
Кьуэ гъэфІэн,
Хэт жызыІэр,
Хэт зыІуатэр
Уэ уи хьэ лыр
Щхьэхынэн?
Дади нани
ТІуми жаІэ
ЩымыІэну
Уэ нэхь жан,
Ди кьебжэкІыр
Дыухэщи,
ЗыдогъэпщкІур,
Ухьу у э жан!

Чыху-чыху, алащэ

Чыху -чыху, алащэ,
Алащэжьыр щэныбэ,
Щэныбэжьыр лъэбышэ,
Чыху -чыху, чыху-чыху!
Щэщ кьыфІыжьым кьыщІашыр,
ХьэмкІэшыгум ныщІащІэр,
ЗэщІэщІыщІэу ныдокІыр,
Быргу-быргу,
Чыху-чыху!
Бэзэрыжьым нытохьэ,
Хьэфэ топ кьащэхур,
Фетэ куэду кьытхуашэ,
Зэрызешэу кьокІуэжьыр.
Чыху-чыху, чых у-чыху!
Псы шэдыжьым ныхонэ,
Нанэ йоІэри хухэшкьым,
Дадэ йоІэри хишыфкьым,
Си нэхунэ кьыхешри
ЩІэущыкІыу кьешэж!
Чыху-чыху, чых у-чыху!

• Адыгэ хабзэхэр

И ужь иту кІуэ

Нэхъыжь къепсамэ, хуэтэджурэ, «Жьыщхьэ махуэ ухъу!» - жаІэ.

* * *

Нэхъыжьыр бгъэлъапІэмэ, абы хуэфащэ пщІэ хуэпщІмэ, уэ жьы ухъуа ноужькІэ, апхуэдэ дыдэ пщІэ бгъуэтыжынущ. «Нэхъыжьыр бгъэлъапІэмэ, уи щхьэр лъапІэ хъунущ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым.

* * *

Адэмрэ къуэхэмрэ (къуэмрэ) зэгъусэу гъуэгу тетмэ, адэм и унафэнщэу щІалэхэр адэм ятэ иту кІуэныр къемызэгъщ, зэрыкІуэн хуейр абы и ужь итущ.

* * *

И адэ, и адэ къуэш е езым нэхъэр зыкъомкІэ нэхъыжь и къуэш здэщыс Іэнэм тІысыркъым щІалэр.

* * *

Лъэпкъ куэдым я хабзэщ сэлам ехьГуэм деж щІыхубзым и Іэр ятэ ишийуэ, ауэ адыгэ хабзэм кьригъэкІуркъым щІыхубзым ятэ и Іэр ишийуэ щІыхухъум ІэщІилъхьэну. Абы есэжа адыгэ щІыхухъуэм а Іэхэумкіэ езыхэм ятэ зэрызрагъэщыпхъэр ящыгъупщэркъым.

Зытхыжар
ЖЫЛАУ Нурбийщ.

Псэущхьэ дапщэ хэту пІэрэ мы сурэтым? Ахэр къэвгъуэт

Уи насып Тхьэм химыхкІэ!

Тыгъэ къыпхуэзыщІам зэрехъуэхъу:
- Къызыхэпхар тхьэм игъэбагъуэ!
- Щэрэ мину тхьэм къыпхилъхьэж!
- Тхьэр фІыкІэ къыпхуэупсэ!

Шхын хьэзыщэхуам зэрехъуэхъу:
- (Къезыщам) ФІыкІэ ушх!
- ГуфІэгъуэ шхын тхьэм ищІ!
- (Къэзыщэхуам) Къэнар фІыкІэ ушх!

Былым къэзыщэхуам зэрехъуэхъу:
- Хъер пхухьу!
- Тхьэм пхунгъэбагъуэ!

Былым зыфІэлІам зэрыхуэгуэзавэ:
-Пхуэщын тхьэм къунтыж!
- Тхьэм къыпхилъхьэж!

Бын зыгъуэтам зэрехъуэхъу:
- Тхьэм кьыфхунгъэхъу!
- Тхьэм фхунгъэпсэу!
- Псэбыдэ тхьэм фхуищІ.

Зыгуэр зыфІадыгуам зэрыхуэгуэзавэ:
- Тхьэм щІимыгъанэкІэ!
-Уи насып тхьэм химыхкІэ!
- Тхьэм къыпхилъхьэж!

НАЛО Заур.

Псалъэзэблэдз

УпщІэхэр: **1.** Бдзэжьей лъэпкъ (подуст). **2.** Джэдкъаз лІэужьыгъуэ. **3.** Ажэ папщІэу хуэпаэ гуфІэгъуэхэр гушыІэкІэ зыгъэдахэ. **4.** Гъатхэм пасэу, уэс теІъ щІыкІэ, гъагъэ удз. **5.** Шэрэдж Іуфэ Іус адыгэ кьуажэ. **6.** АнэкІэ гумащІэ, нэхъуеиншэ. **7.** Дыжьынкіэ щІэгъэна афэ (кольчуга).

Мы псалъэхэм жэуап тэмэмыр кьахэвгъуатэ:

Аушыджэр, ажэгъуэмэ, акъ, афэху, ажэгъафэ, анэгу, адакъэ.

Жэуапхэр пэ жмэ, кьехыу фыкьеджэнщ псы Іуфэ чыцэхэм, мэкъупІэхэм щыпсэу бзу гуаабкэ лъэпкъыр кьэзыгъэпъагъуэ псалъэм.

Джэду цІыкІур къэушащ

Джэду цІыкІур къэушащ,
И кІэр задэу иритІащ,
И бгыр лъагэу кьыдишащ,
Ар ин дыдэу кьэхущхьащ.

Къэушами,
жейбащхьуэнэщ,
И нэ цІыкІуэхэр зэтепІащ,
И жейбащхьуэр трихуну
ЗитхьэщІыну кьэтІысащ.

Сабын папщІэу и бзэгу
цІыкІур
И лъабитІым кьыщихуащ,
ДэІэбейри и напитІыр
Кьабзэ дыдэу итхьэщІащ.

ЕлІБэД Хьэсэн.

Гъатхэ

Гъатхэ, гъатхэ,
Нэкъуэлэн,
Мазэ набдзэ
Дахэ.
Дыгъэм щхьэцыр
Хуеухуэн,
Жьым
Щхьэцпыщ Іэ
Хепхэ.
Удз Іэлъэщ Іыр -
Щ Іым хуидар -
Теубгъуащ
И дамэм...
ТхьэІухуд
Сурэту сщІащ -
Ещхьыркъабзэщ
Мамэ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэ хэмкІэ и министерствэм и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 21.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 10.024
Заказ №1339